

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis data dina bab opat, ngeunaan kasalahan léksiko-semantik dina karangan siswa kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014, kasalahan anu panglobana nyaéta interférensasi basa Indonesia kana basa Sunda, kasalahan ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda (UUBS), jeung kasalahan struktur léksikal.

- a. Interférensasi basa Indonesia kana basa Sunda aya 171 kecap (84,65%), anu wincikanana: (1) interférensasi fonologis aya 4 kecap (1,98%), contona kecap *parintah* kuduna *paréntah*, jeung kecap *sholat* kuduna *solat*; (2) interférensasi morfologis aya 94 kecap (46,53%), anu ngawengku a) interférensasi morfologis kecap rundayan aya 71 kecap (35,14%), contona kecap *besokna* kuduna *isukna*, jeung *jantanna* kuduna *jaluna*; b) interférensasi morfologis kecap rajékan aya 13 kecap (6,43%), contona kecap *makan-makan* kuduna *dahar*, jeung kecap *bérés-bérés* kuduna *bébérés*, jeung c) interférensasi kecap kantétan aya 10 kecap (4,95%), contona kecap *menjelang siang* kuduna *maju ka beurang*, jeung kecap *matahari* kuduna panonpoé, (3) interférensasi léksikal basa Indonesia kana basa Sunda aya kecap (36,13%), contona kecap *pulang* kuduna *balik*, jeung kecap *rumah* kuduna *imah*.
- b. Kasalahan ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda (UUBS) aya 14 kecap (7%), anu wincikanana: (1) kasalahan ngalarapkeun kecap lemes keur sorangan aya 8 kecap (3,96%), contona *ngadangu* kuduna *nguping*; (2) kasalahan ngalarapkeun kecap lemes keur batur aya sakecap (0,49%), contona *dongkap* kuduna *sumping*; jeung (3) kasalahan ngalarapkeun basa budak aya 5 kecap (2,47%), contona, kecap *ibak* kuduna *mandi*.
- c. Kasalahan struktur léksikal aya 17 kecap (8,41%), anu wincikanana: (1) kasalahan homonim murni aya 6 kecap dina 5 frasa (2,97%), nyaéta *aki abdi*

kuduna kuduna pun aki; (2) kasalahan homonim patumpuk aya 11 kecap (5,44%), conto kecapna nyaéta *indah kuduna éndah*, jeung kecap *puas kuduna sugema*.

5.2 Rékomendasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha rékomendasi anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan téh ngan ukur nganalisis kasalahan léksiko-semantik dina wangun karangan tinulis. Ku kituna, perlu aya panalungtikan léksiko-semantik dina wangun lisan sangkan hasilna leuwih munel.
- b. Objék anu ditalungtik ngan sakelas, tangtu baé data anu kapanggihna ogé kawatesanan. Ku ayana éta hal, panalungtik miharep aya panalungtik séjén nu ngulik kasalahan léksiko-semantik anu leuwih jembar.

Salian ti éta, pikeun guru anu *notabene* ilubiung langsung dina prosés diajar-ngajar, kudu méré pangaweruh anu patali jeung léksiko-semantik, sangkan siswa henteu salah dina ngalarapkeun ma'na kecap atawa milampah kasalahan léksiko-semantik téa.